

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Kualitas pangajaran bakal kawujud saupama diajar bisa lumangsung kalawan éféktif, hartina prosés pangajaran bisa lumangsung kalawan luyu jeung tujuan pangajaran nu ditetepkeun tina kurikulum. Kasuksésan kurikulum jeung kawijakan pangajaran nu idéal moal kahontal sacara sampurna saupama palaksanaan pangajaran di sakola henteu ngahontal tingkat nu diharepkeun ku sakumna pihak. Pikeun ngahontal pangajaran éféktif aya sababaraha komponén utama nu kudu diperhatikeun. Sababaraha di antarana ngawengku staf pengajar, siswa, stratégi diajar jeung perencanaan pembelajaran. Faktor utama dina suksésna kagiatan diajar di sakola nyaéta ayana peran guru salaku insan nu boga tanggung jawab dina diajar siswa. Salah sahiji carana ku mastikeun pamahaman nu jero dina materi nu rék diajarkeun.

Tina sababaraha banda budaya Sunda ngeunaan tutuwuhan, Tarum Areuy dijadikeun salasahiji objék panalungtikan dina ngaguar matéri ajar budaya Sunda, disagédéngkeun mangpaat tina tutuwuhan budaya Sunda séjén nu dipelak leuwih loba mangpaatna, Tarum Areuy dijadikeun onjék panalungtikan sabab sacara rélasi akademis kajangkau ku panalungtik jeung sacara formal bisa kaguar dina lembaga sarta situs nu sah, ieu hal jadi cukang lantaran sangkan matéri nu ditepikeun teu mancral tina dasar tiori ngeunaan objék Tarum Areuy nu ditalungtik.

Numutkeun Isnéndés spk. (2023), Tarum Areuy nyaéta ngaran nu asalna tina basa Sunda akarna tina basa Sangsekerta hartina tutuwuhan ieu ngahasilkeun pewarna biru alami. Tarum ogé mangrupa ngaran nu pakait jeung sababaraha tempat sarta kaasup fenomena alam nu diduga diilhami ku tutuwuhan tarum. Sababaraha conto ngaran ieu nyaéta Ci Tarum, Tarumanagara, jeung Pataruman.

Urang Sunda mikawanoh tutuwuhan Tarum Areuy nu jadi banda budaya jeung kaarifan lokal. Baheula mah loba kolot Sunda nu melak Tarum Areuy di sabudeureun pakarangan atawa kebon imahna, ku sabab aya mangpaatna nyaéta bisa dijadikeun pewarna lawon (Isnéndés dina Setiadi, 2022).

*Marsdenia Tinctoria R.Br.*, nu mangsa harita can kaidéntipikasi jeung kaklasifikasi aspék botani jeung taksonomina, ku William Marsden nu indit ka Inggris mawa spesimennya pikeun dibikeun ka Sir Joseph Banks. Ngaliwatan Sir Joseph Banks tuluy spesimenna nepi ka Robert Brown nepi ka dijadikeun ékspédisi panalungtikan sacara sacara kompréhénsif di New Hollandia (Australia) pikeun Sir Joseph Banks ngawangun pangaweruh dina subjék botani jeung taksonomi dina cabang bangsa (*sub-family*) *Asclepiadaceae* nu hasilna *Marsdenia* jadi salahsahiji marga na tiharita *Marsdenia tinctoria R.Br* jadi salasahiji jinis ngara tina marga *Marsdenia*-na (Kusumawardhana, 2020).

Numutkeun Kusumawardhana (2020) ngaran *Marsdenia* téh miboga harti tina ngaran marga tutuwuhan, sub bangsa atawa suku *Asclepiadaceae* nu dibawa nyaéta “Marsden” tina ngaran “William Marsden” ku Robert Brown. Robert Brown salaku ahli botani ngarana asup kana kode botani jeung taksonomi nyaéta “R.Br”. Tina ratusan jinis marga *Marsdenia* nu sumebar di kawasan tropis jeung sub tropis Asia, Afrika, Australia, dan Amerika.

Dina *Kamus Umum Basa Sunda*, disebutkeun yén Tarum Areuy téh ngaran tutuwuhan nu cai daunna sok dipaké pikeun nyelep lawon supaya warnana jadi biru kolot (Kusumawardhana, 2020). Tarum Areuy atawa tarum rambat (*Marsdenia Tinctoria R.Br*) miboga kandungan indigo tina daunna. Tutuwuhan ieu loba kapanggih di Indonésia utamana di wewengkon Jawa jeung Sumatera. *Marsdenia Tinctoria R.Br* asal tina famili *Asclepiadaceae*. *Marsdenia Tinctoria R.Br* bisa hirup sacara alami di dataran handap jeung menengah, ngareuy dina batu, jeung di lahan terbuka (Kusumawardhana, 2021).

Matéri ajar jeung modél pangajaran mangrupa bagian tina sistim pangajaran ku kituna pangajaran mangrupa konci utama tina kamajuan SDM. UU Sistim Pendidikan Nasional (Sisdiknas) No. 20 Taun 2003 nétélakeun yén atikan mangrupa usaha sadar jeung terencana pikeun nyiptakeun suasana diajar jeung prosés diajar sangkan siswa sacara aktip bisa mekarkeun poténsi dirina pikeun mibanda kakuatan spiritual, kontrol diri, kapribadian, kacerdasan, budi pekerti, jeung kaparigelan nu diperlukeun. tina kahirupan sosial jeung bangsa. Ieu nandeskeun yén atikan bakal mangaruhan kahirupan berbangsa jeung bernegara.

Upama kualitas atikan Indonésia ngaronjat, kualitas bangsa Indonésia ogé bakal ngaronjat. Upama hiji bangsa boga SDM nu berkualitas, tangtu bakal bisa mekarkeun bangsana jadi nagara nu leuwih maju. Ku kituna, unggal bangsa kudu miboga atikan nu alus jeung berkualitas, Pangajaran nu berkualitas kudu bisa ngahontal tujuan atikan.

Kaarifan lokal bisa dititénan salaku idéntitas nasional. Hususna, tina kontéks Indonesia nu ngamungkinkeun kaarifan lokal ditransformasikeun sacara lintas budaya, nu pamustunganana ngalahirkeun ajén-inajén budaya nasional. Di Indonésia, kaarifan lokal mangrupa falsafah jeung sawangan hirup nu nyampak tina rupa-rupa widang kahirupan (ajén sosial jeung ékonomi, arsitéktur, kaséhatan, ngokolakeun lingkungan, jeung sajabana) (Romadi jeung Kurniawan, 2017:84).

Implementasi Kurikulum kabudayaan ngawengku inpormasi ngeunaan kurikulum budaya nu palaksanaanna bisa ngawariskeun rupa-rupa unsur kabudayaan, saperti ayana program kurikulum merdéka, di rupa-rupa lembaga atikan, boh di tingkat nasional boh lokal. Tujuan tina kurikulum merdéka nyaéta pikeun ngawanohkeun jeung ngeuyeuban pangaweruh siswa ngeunaan budaya, seni, jeung warisan budaya lokal.

Kurikulum budaya ogé boga tujuan pikeun ngamajukeun karagaman budaya jeung ngahargaan perbédaan. Salian ti éta, kurikulum kabudayaan ogé bisa mantuan siswa paham kana ajén-inajén budaya jeung mekarkeun kaparigelan sosial, saperti gawé bareng jeung toléransi.

SMPN 1 Ciawi mangrupa salah sahiji sakola nu nerapkeun kurikulum merdéka pikeun kelas VII jeung kurikulum darurat pikeun kelas VIII jeung IX. Hal ieu dibuktikeun ku ngalaksanakeun palajaran pendidikan muatan lokal salila 3 jam (3x30 menit) saban minggu. Ngaintegrasikeun kaarifan lokal dina kurikulum merdéka ogé bisa mantuan siswa ngarti jeung ngahargaan warisan budaya jeung pangaweruh lokalna (Mutagiri, 2023).

Ku ngahijikeun kaarifan lokal dina kurikulum merdéka, siswa bisa mikanyaho jeung ngaaprésiasi kabudayaan jeung pangaweruh lokal, nu bisa ngawangun karakter nu kuat jeung ngajénan lingkungan sabudeureunana. Ku kituna, ieu

panalungtikan dijieun dipiharep bisa nambahkeun pangaweruh kana téks kabudayaan di sakola utamana tina program nu ayeuna aya sistim kurikulum.

Materi mikawanoh Tarum Areuy bisa disusun jadi téks budaya nu dititipkeun dina pangajaran basa Sunda dina model quizizz. Anggia jeung Musfiroh (dina Sitorus, jeung Santoso, 2022) quizizz mangrupa aplikasi kaulinan pangajaran nu bisa ngarojong prosés pangajaran sacara signifikan. Quizizz nyaéta aplikasi kaulinan nu sifatna naratif jeung fléksibel, salian ti dipaké pikeun nepikeun matéri tina prosés pangajaran, quizizz ogé dijadikeun média évaluasi pangajaran nu matak pikaresepeun jeung pikaresepeun (Hanifah, 2020).

Tina kurikulum merdéka, peran guru lain ngan ukur jadi fasilitator pikeun nyiptakeun lingkungan diajar nu pikaresepeun, inovatif, jeung méré kanyamanan ka siswa, teu maliré kana tujuan utamana, nyaéta pamahaman siswa kana matéri nu diajarkeun. Sanajan kitu, Merdéka Belajar ogé nyampak pikeun ngagali potensi nu aya di guru, sakola, jeung siswa pikeun berinovasi tina ngaronjatkeun kualitas sacara mandiri.

Ku kituna, adaptasi kudu jadi karakter krusial nu kudu boga guru kiwari tina nyanghareupan parobahan nu aya, komo deui kana perkara materi Tarum Areuy nu dianggap anyar. Guru salaku fasilitator boga peran penting tina méré pangaweruh ka siswana, diantaranya ngajamin kasadiaan fasilitas nu ngagampangkeun kagiatan diajar. Salasahiji fasilitas dasar nu kudu disayagikeun ka siswa nyaéta wangun pangajaran nu kaharti.

Ieu panalungtikan tangtu miboga dasar panalungtikan saméméhna sangkan bisa jadi pangaweruh. Upama ditataan judul-judul panalungtikan samemehna téh nu dianggap deukeut jeung topik ieu panalungtikan nyaéta kieu. (1) “Implementasi Gamifikasi Berbantu Media Kahoot Untuk Meningkatkan Aktivitas Belajar, Motivasi Belajar, dan Hasil Belajar” nu ditalungtik ku Wardana jeung Sagoro taun 2019. (2) “Implementasi Quizizz Sebagai Media Pembelajaran Berbasis Education Game Terhadap Peningkatan Motivasi Belajar Matématika” nu ditalungtik ku Hafiyya jeung Hadi taun 2023. (3) “Quizizz Gamification of Student Learning Attention and Motivation” nu ditalungtik ku Suwarni, Lubna, Aimang, Cakranegara jeung Dendi Pratama taun 2023. (4) “The Effectiveness Of The Use Of Quizizz-

Based Gamification On Students Learning Interest In 4th Grade Mathematics” nu ditalungtik ku Maulidya, Aryaningrum jeung Fakhrudin taun 2022. (5) ”Kaarifan lokal: Mendekatkan Kesenjangan antara Téks Ideal dan Téks Sosial Melalui Menyintesis dan Multiperspektifme” karya Atmaja nu ditalungtik ku Haba (2007: 334-335) jeung Abdullah, Majin jeung Manaf taun 2008. (6) “Kesiapan Guru dalam Menerapkan Kurikulum Merdeka di SMP Muhammadiyah Kota Bandung” nu ditalungtik ku Nurafiah taun 2023. (7) “Dékoksi sebagai Alternatif Pembuatan Zat Warna Indigo Tarum Areuy (*Marsdenia Tinctoria*) dan Peranannya Terhadap Pewarnaan Serat Berbahan Dasar Sélulosa” nu ditalungtik ku Mauliza jeung Putri taun 2019. (8) “Risalah Tarum pada Seminar dan Workshop di Ponpés Muara” nu ditalungtik ku Rétty Isnéndés dina Kusumawardhana taun 2022. (9) “Pengembangan Bahan Ajar Téks Éksposisi Berbasis Nilai Budaya untuk Sekolah Menengah Atas” nu ditalungtik ku Shidiq taun 2018. (10) “Model Pembelajaran Sains Berbasis Budaya Lokal di SMP” nu ditalungtik ku Suastra taun 2010. (11) “Upaya Melestarikan Budaya Indonesia di Éra Globalisasi” nu ditalungtik ku Nahak taun 2019. (12) “Cara Mendidik Anak dalam Perspektif Kesundaan” nu ditalungtik ku Nurjanah taun 2019. (13) “Perilaku Sunda Sebagai Éntitas Karakter Kebangsaan yang Terancam Hilang” nu ditalungtik ku Kembara spk. taun 2021. (14) “Adeg-Adeg Mnusa Sunda” ku Rétty Isnéndés dina Saba Budaya taun 2023. (15) “Masyarakat Sunda dalam Sastra; Komparasi Moralitas dan Kepribadian” nu ditalungtik ku Rétty Isnéndés jeung Firmasyah dina Lokabasa taun 2013. Nu pamungkas (16) “Analisis Kesiapan Guru dalam Penerapan Kurikulum Merdeka Belajar di SDN 2 Cempaga” nu ditalungtik ku Purani jeung Putra taun 2022. (17) "Peningkatan Pemerolehan dan Pembelajaran Bahasa pada Siswa Disleksia Melalui Metode Team Games Tournament dengan Menggunakan Media Pembelajaran Quizizz" nu ditalungtik ku Wardana, Saddhono jeung Rakhmawati taun 2022. (18) "Implementasi Kurikulum Merdeka: Meningkatkan Sistem Pendidikan Indonesia?" nu ditalungtik ku Rahmadani, Asbari, Dinny Jati, jeung Pratama taun 2024. (19) "Implementasi Manajemen Pembelajaran (Studi Kasus Penerapan Kurikulum Merdeka Di SMP Muslimat Samalanga)" nu ditalungtik ku Syasya jeung Safriadi taun 2024. (20) "Kesantunan Berbahasa dalam Budaya Masyarakat Sunda" nu

ditalungtik ku Zenab jeung Anggana taun 2019. (21) "Kesiapan Guru terhadap Implementasi Kurikulum Merdeka Belajar" nu ditalungtik ku Ihsan taun 2022. (22) "PMP Peningkatan Kapasitas Pemasaran Usaha Batik Jumputan pada Kelompok Disabilitas Desa Bragolan, Kabupaten Purworejo" nu ditalungtik ku Pangesti, Muzaki, Respatiningsih, Saputri jeung Wayuni taun 2024. (23) "Melacak Arti dan Makna Tarum, Tarumanagara, Ci Tarum, dan Pataruman Melalui Pendekatan Linguistik, Sejarah dan Budaya" nu ditalungtik ku Rétty Isnéndés, Kusumawardhana, Hidayat, Supéndi jeung Nuwangi taun 2023. (24) "Sosialisasi Budidaya Tanaman Tarum (*Indigofera*) di Lahan Kering Pada Kelompok Tani Bilubahan Desa Tapenpah Kecamatan Insana" nu ditalungtik ku Pareira, Naikofi, Tuas, jeung Pasi taun 2023. (25) "Tanaman Tarum (*Indigofera tinctoria* Linn.) sebagai penghasil zat pewarna" nu ditalungtik ku Aiyanti jeung Asbur taun 2018. (26) "Studi Awal Pemanfaatan Ekstrak Warna Tanaman Tarum (*Indigofera Tinctoria*) Sebagai Dye untuk DSSC" nu ditalungtik ku Patinrengi, Aisyah, Nasyori jeung Perdana taun 2021. (27) "Eksplorasi Potensi Hasil Hutan Bukan Kayu Tanaman Tarum (*Indigofera Tinctoria* L) Sebagai Pewarna Alami Kain Tenun di Kabupaten Malaka Provinsi Nusa Tenggara Timur" nu ditalungtik ku Imeldanita, Adrin, jeung Almulqu taun 2023. (28) "Evaluasi Kesesuaian Lahan Tanaman Tarum (*Indigofera Zollingenana*) di Kecamatan Salem Kabupaten Brebes Jawa Tengah" nu ditalungtik ku Suryanintiyas taun 2019. (29) "Desain Karakter Tanaman Tarum (*Indigofera Tinctoria*) Sebagai Pengenalan Ragam Flora Indonesia" nu ditalungtik ku Umaimah. Rachman, jeung Kurniawan taun 2023.

Tangtu waé aya bébédaan antara panlungtikan saméméhna jeung nu bakal ditalungtik di dieu. Dumasar kana tinimbangan nu ditétélakeun, matéri ajar ngeunaan Tarum Areuy tina modél pangajaran basa Sunda nu ilahar ngagunakeun Aplikasi Quizizz, dina ieu skripsi ngandung ajén hal nu anyar, ku sabab Tarum Areuy nu jadi objék pangajaran jeung langka kapanggih dina pangajaran budaya Sunda di SMPN 1 Ciawi Tasikmalaya. Ku kituna ieu panalungtikan nu judulna "TARUM AREUY (*MARSDENIA TINCTORIA R.BR*) PIKEUN MATÉRI AJAR TÉKS BUDAYA SUNDA BERBASIS QUIZIZZ KURIKULUM MERDÉKA DI SMPN 1 CIAWI TASIKMALAYA" penting dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah tina ieu panalungtikan nyaéta kieu.

- 1) Kumaha déskripsi jeung fungsi tutuwuhan Tarum Areuy?
- 2) Kumaha larapna hasil panalungtikan Tarum Areuy pikeun matéri ajar téks budaya Sunda di SMPN 1 CIAWI?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan téh nyaéta aya: 1) tujuan umum jeung 2) tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan téh pikeun sarana nambahan metodeu diajar di SMPN 1 Ciawi.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan téh nyaéta kieu.

- (1) Ngadéskripsikeun Tarum Areuy jeung fungsina.
- (2) Ngalarapkeun hasil panalungtikan Tarum Areuy pikeun matéri ajar téks budaya Sunda di SMPN 1 Ciawi.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan téh nyaéta aya: 1) mangpaat tioritis jeung 2) mangpaat praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Tina ieu mangpaat panalungtikan harepan ageung bisa jadi pelopor hal nu anyar tina matéri ajar pangajaran budaya Sunda sangkan pangajaran bahasa Sunda dina kurikulum merdéka bisa mikaweruh hal unik nu nyieun siswa meunangkeun hal nu anyar.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis nu bisa dibawa tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun sakola, guru, jeung siswa.

#### 1) Pikeun Sakola

- (1) Robahna perspektif masarakat ngeunaan pangaweruh kasundaan ngeunaan Tarum Areuy yén kabudayaan Sunda téh jembar.
- (2) Méré inovasi pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran di sakola ku cara nepikeun matéri ajar Tarum Areuy, nyieun batik jumputan ku média Tarum Areuy jeung modél ajar kaulinan berbasis quizizz pikeun ngaronjatkeun motivasi diajar siswa tina mata pelajaran muatan lokal di SMPN 1 Ciawi.
- (3) Ngaronjatkeun citra jeung reputasi sakola ku cara ngabantuan ngaronjatkeun prestasi akademik siswa jeung ngahasilkeun lulusan nu siap jeung kompeten tina widang eusi Budaya Lokal, dipiharep bisa ngaronjatkeun citra jeung reputasi sakola salaku lembaga atikan nu ngahasilkeun lulusan nu mumpuni. Bisa jadi miboga dampak positif pikeun sakola di masarakat.

## **2) Pikeun guru**

- (1) Robahna pola ngajar ngeunaan kabudayaan Sunda nu kawilang monoton.
- (2) Ngaronjatkeun éféktivitas pangajaran guru ku cara ngamangpaatkeun pembelajaran kaulinan nu éféktif pikeun ngaronjatkeun pangajaran ku cara mikaweruh matéri ngeunaan Tarum Areuy, nyieun batik jumputan ku media Tarum Areuy, jeung model ajar kaulinan berbasis quizizz téh guru bisa nyiptakeun pangalaman diajar nu ngahudangkeun minat jeung motivasi siswa.
- (3) Alternatip usaha pikeun ngaronjatkeun kualitas kagiatan diajar ngajar di sakola.

## **3) Pikeun Siswa**

- (1) Maksimalna ngamangpaatkeun sarana muatan lokal kurikulum merdéka di SMPN 1 Ciawi Tasikmalaya.
- (2) Bisa ngaronjatkeun motivasi diajar siswa tina mata pelajaran muatan lokal ngeunaan Tarum Areuy di SMPN 1 Ciawi.
- (3) Bisa ngaronjatkeun pamahaman matéri ajar ku cara ngalaksanakeun mikaweruh matéri ngeunaan Tarum Areuy, nyieun batik jumputan ku media Tarum Areuy, jeung model ajar kaulinan berbasis quizizz nu miboga



kasempetan pikeun ngalatih jeung ngalarapkeun pangaweruh siswa ngaliwatan tantangan jeung interaksi tina éta pangajaran.

### **1.5 Raraga Nulis**

Raraga nulis dijieun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistimatis dina wangun skripsi.

Bab I Bubuka. Eusi ieu bab ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis.

Bab II Ulikan Pustaka. Panalungtikan Saméméhna jeung Raraga Mikir. Eusi ieu bab ngawengku kurikulum merdéka jeung pangajaran basa Sunda.

Bab III Métode Panalungtikan. Eusi ieu bab ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pembahasan. Eusi ieu bab ngawengku hasil panalungtikan jeung pembahasan kana déskripsi jeung fungsi Tarum Areuy, ogé larapan hasil panalungtikan pikeun matéri ajar téks budaya Sunda di SMPN 1 Ciawi Tasikmalaya.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Eusi ieu bab ngawengku kacindekan tina hasil jeung pembahasan, implikasi, jeung rékoméndasi.